

Trètman Kansè tete

Kisa w dwe konnen



Swiv nou sou:
health.ny.gov
facebook.com/NYSDOH
twitter.com/HealthNYGov
youtube.com/NYSDOH

Se Nimewo Akò Kowoperatif la ki sipòte publikasyon sa, U58DP003879-05, Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention) ki finanse l. Tout sa ki ladan se sèl responsabilite otè yo epi yo pa nesesèman reprezante opinyon ofisyèl Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi oswa Department of Health and Human Services (Depatman Sèvis Sante ak Sèvis Sosyal).



Sa ki Nan Tiliv la

1	Entwodiksyon.....	1
2	Pran swen tèt ou Aprè Dyagnostik Kansè Tete w la.....	3
3	Travay ak Doktè w la Oubyen Pwofesyonèl Swen Sante w la.....	5
4	Nan ki Etap Kansè Tete w la ye?.....	7
5	Opsyon Trètman w yo.....	11
6	Rekonstriksyon Tete.....	21
7	Èske Asirans lan Pral Peye pou Operasyon an?.....	25
8	Si w pa Gen Asirans Sante.....	26
9	Lavi Aprè Trètman Kansè Tete.....	27
10	Kesyon pou Poze Ekip Swen Sante ou a.....	29
11	Liy Dirèk pou Kansè Tete, Gwoup Sipò, ak Lòt Resous.....	33
12	Kèk Definisyon.....	35
13	Nòt.....	39

1 Entwodiksyon

Ou pa pou kont ou. Gen plis pase twa milyon ***sivivan kansè tete*** k ap viv nan Etazini. Gen anpil gwo pwogrè ki fèt nan trètman kansè tete nan 20 dènye ane ki sot pase yo. Moun ki gen kansè tete viv pi lontan ak viv plis an sante plis pase anvan epi anpil trètman kansè tete gen mwens efè segondè.

New York State Department of Health ap bay enfòmasyon sa pou ede w konprann chwa trètman w yo. Men fason ou ka itilize enfòmasyon sa:

- Mande yon zanmi ou yon moun nan ekip swen sante w la pou li enfòmasyon sa ak ou, oubyen mande yo li li epi pale sou li ak ou lè w santi w prè.
- Li enfòmasyon sa pa seksyon olye w li tout yon sèl kou. Pa egzanp, si yo fenk dyagnostike w gen kansè tete, ou ka sèlman bezwen li Seksyon 1-4 pou kounyeya. Seksyon 5-8 ka ede w pandan w ap chwazi opsyon trètman w yo, epi Seksyon 9 ka itil pou w li l pandan w ap fini ak trètman an.
- Gade mo medikal ou ka tandé pandan w ap fè dyagnostik ak trètman oubyen mande ekip swen sante w la pou eksplike w yo. Mo ki ***an gra*** nan enfòmasyon sa yo nou defini yo nan Seksyon 12. Lè w konnen siyifikasyon mo w ap tandé yo, sa ka ede w konprann ki sa k ap pase ak ede w fè chwa ki byen enfòme.
- Pandan w ap fè trètman an, sa ka ede w si w ekri kesyon w yo anvan w kontre ak doktè w la. Nan Seksyon 10 la gen modèl kesyon nou sijere w ka poze yo.

Pami lòt sijesyon ki ka ede w gen:

- Si ekip swen sante w la dakò, ou ka bezwen anrejistre enfòmasyon yo ba w yo nan randevou w yo.
- Mande yon zanmi yon moun nan fanmi w pou akonpanye w nan randevou w yo pou tande enfòmasyon yo ak pran nòt epi ba w sipò emosyonèl.
- Pa gen yon trètman ki se "sèl li ki pi bon" pou chak moun. Gen plis chwa ki disponib pase sa yo te konn ofri yo kèk ane ane anvan sa.
- Pinga w pè mande pou reba w enfòmasyon ak poze kesyon. Pa gen kesyon ki se kesyon "sòt". Lè w poze kesyon ak jwenn repons ki klè sa ap pèmèt ou fè chwa ou konfòtab ak yo.

2 Pran swen tèt ou Aprè Dyagnostik Kansè Tete w la

Moun reyaji diferan lè yo jwenn dyanostik ki di yo gen kansè tete. Gen moun ki gen perèz, enkyetid, kòlè, oubyen dout. Li ka difisil pou w konsantre ak avanse ak desizyon trètman yo. Gen moun ki panse li bon lè yo gen yon moun yo fè konfyans pou ede yo jere tout santiman y ap santi yo epi ede yo jwenn enfòmasyon sou chwa trètman epi lòt resous.

Moun ou fè konfyans ak ki pral tande w ak sipòte w ka gen ladan l:

- Yon fanmi;
- Yon bon zanmi;
- Yon manb klèje;
- Yon liy dirèk pou Kansè tete;
- Yon konpayèl **sivivan kansè**;
- Yon platfòm mesaj sou entènèt ou gwooup tchat;
- Yon konseye pwofesyonèl;
- Doktè w;
- Yon **gwooup sipò; oubyen**,
- Yon manb ekip swen sante w la tankou **oryantatè pasyan** oswa **defansè pasyan**.

Gwooup sipò ka gen plizyè benefis. Menm si w ka jwenn sipò nan men zanmi ak fanmi, ou ka bezwen rantre nan yon gwooup sipò pou pale ak lòt moun ki fè oubyen ki te deja fè yon eksperyans ki menm jan ak pa w la. Gwooup sipò ka:

- Ba w yon chans pou w pale sou santiman w nan yon espas sekirize ak konfòtab;
- Ede w fè fas ak pwoblèm, tankou pwoblèm pèsonèl, travay, ou lajan; epi,
- Bay konsèy sou ki jan pou jere efè segondè trètman an.

Mande doktè w la si lopital ou a oubyen kominate w la gen yon gwoup sipò pou kansè tete. Gen kèk gwoup sipò kansè tete, liy dirèk ak lòt resous nan New York State, ansanm ak tout enfomasyon kontak yo, endike nan Seksyon 11.

Chache konnen ekip swen sante w la. Chache yo manm nan ekip swen sante w la ki pale ak ou nan yon fason ki fè w santi w konfòtab, ki tande w, ak ki pran enkyetid ou yo seryèzman. Fè ekip swen sante w la konnen ki jan w vle enplike nan desizyon trètman w yo.

Rezève tan pou tèt pa w. Pran tan pou w fè bagay ki fè w kontan. Pa egzanp, gade fim, li liv ou renmen oubyen pase kèk tan deyò lakay ou. Jwenn moun pozitif pou w pale ak mande zanmi w ak fanmi w pou ede w ak bagay ki ba w estrès tankou achte pwovizyon ou netwaye kay.

3 Travay ak Doktè w la Oubyen Pwofesyonèl Swen Sante w la

Pataje nenpòt enkyetid ou genyen ak doktè w la. Pale ak doktè w la sou referans kay yon espesyalis ou chache jwenn yon dezyèm opinyon. Pote yon lis kesyon, tankou sa ki nan Seksyon 10 yo, nan vizit ou yo epi pran nòt nan repons yo. Pafwa li pi fasil pou yon zanmi ou yon manb fanmi pou pran nòt pandan ou menm w ap tande ak atansyon pwofesyonèl swen sante a.

Referans ak yon espesyalis

Kansè se yon maladi konplèks, epi pa gen yon sèl doktè pa ka ba w tout swen ak sèvis ou bezwen yo. Yon espesyalis se yon doktè ou yon pwofesyonèl swen sante ki fokis sou yon sèten pati nan bezwen swen sante w yo. Yo ka refere w ak plizyè espesyalis pandan dire trètman w lan. Ladan yo ka genyen yon *enfimyè espesyalis klinik, terapis, chirijyen tete, onkològ medikal, nitrisyonis, fizyo-terapet, espesyalis swen palyatif, chirijyen plastisyen, onkològ radyasyon, radyològ, travayè sosyal, onkològ chirijkal, ou konseye jenetik*.

Sitwèb sa bay plis esplikasyon sou kijan w ka jwenn yon doktè oswa yon sant trètman ki espesyalize nan swen pou kansè: www.cancer.gov/about-cancer/managing-care/services

Dezyèm opinyon

Dezyèm opsyon an se pou w vizite yon doktè ki pa menm ak sa w deja konsilte a pou w ka jwenn yon lòt pwendvi sou bezwen swen sante w yo. Mande yon dezyèm opinyon se yon bagay ki fèt souvan. Anpil doktè kontan tande pwendvi yon lòt doktè epi ak pèmisyon w, y ap pataje dosye w youn ak lòt pou kapab ba w swen. Yon dezyèm opinyon

pa dwe retade trètman w ou koute w ekstra, paske majorite plan asirans sante nan New York State kouvre yo. Chache yon dezyèm opinyon si:

- Ou vle wè si yon lòt doktè asepte ak dyagnostik ou a ou trètman w lan;
- Ou vle ekspligate tout opsyon trètman w yo; ou,
- Ou pa santi w konfòtab ak doktè w la.

Selon plan asirans ou an, ou ka jwenn yon dezyèm opinyon nan men yon doktè ki pa fè pati rezo plan asirans ou an san w pa peye ekstra lajan. Kontakte plan asirans ou an pou w diskite opsyon ak pri pou w jwenn yon dezyèm opinyon.

POU JWENN YON DEZYÈM OPINYON

Mande doktè w la pou l refere w ak yon espesyalis kansè tete ki deyò ekip trètman li an.

Kontakte asosyasyon medikal lokal ou nasyonal, tankou:

- **The American Medical Association Doctor Finder (Repètwa Doktè Asosyasyon Medikal Ameriken)**

Baz done ki baz enfomasyon preliminè sou doktè ki gen lisans yo Ozetazini
<https://apps.ama-assn.org/doctorfinder/recaptcha.jsp>;

- **The American Society of Clinical Oncology (Sosyete Ameriken Okoloji Klinik)**

ofri yon lis doktè kansè sou entènèt
www.cancer.net/find-cancer-doctor;

- **The American College of Surgeons (Baz done pou manb Kolèj Ameriken pou Chirijyen)**

yon repetwa chirijyen sou entènèt
www.facs.org/search/find-a-surgeon;

- **The American College of Surgeons' Commission on Cancer (Komisyon pou Kansè Kolèj Ameriken pou Chirijyen)**

ka refere w ak lopital ak sant pou kansè nan tete ki bon anpil ki akredite pou bay swen avanse ak miltidisiplinè nan domèn kansè tete
www.facs.org/quality-programs/cancer/coc.

Pale ak manb òganizasyon kansè tete yo oubyen moun ki te fè menm eksperyans lan pou w ka jwenn opinyon yo, menm jan ak sa yo ki endike nan Seksyon 11.

4 Nan ki Etap Kansè Tete w la ye?

Pase etap se yon fason pou dekri yon kansè. Lè w konn etap **kansè w la** sa ap ede w ak ekip swen sante w la deside ki kalite trètman ki pi bon pou ou. Etap kansè yo souvan depann sou:

- Gwosè timè a;
- Si kansè a envazif oubyen non-envazif;
- Si gen kansè nan **glann** anba bra; ak,
- Si gen kansè nan lòt pati nan kò w.

Kisa glann lenfatik yo ye?

- **Glann** lenfatik yo se yon ti boul ki gen fòm yon gress pwa, ki nan tout kò w;
- Glann sa yo fè pati sistèm iminitè w;
- Glann sa yo sèvi tankou filtè ou nas pou mikwòb ou selil kansè epi ede konbat enfeksyon ak maladi; ak,
- Pafwa selil kansè rantre nan glann yo, se pou sa doktè ap gade glann ou yo lè y ap evalye etap kansè w la.

Kisa Glann Anba Bra yo ye?

- **Glann anba bra** se **glann lenfatik oswa ganglion** glann ki anba bra w;
- Lè kansè tete pwopaje tout deyò tete a, jeneralman li pwopaje nan glann anba bra yo anvan; ak,
- Chache konnen si kansè a pwopaje oswa pa pwopaje nan glann anba bra yo enpòtan pou w konnen **etap** kansè a ak tip trètman ou bezwen.

Etap 0 **Kansè In situ** (yo rele tou kansè pre-envasif ou non-invasif oswa non-envazif).


- Yo jwenn selil anòmal nan liy kanal **tete** (ductal carcinoma in situ – DCIS) epi li pa pwopaje deyò kanal la ale nan lòt tisi nan tete a; oubyen,
- Yo jwenn selil anòmal nan **ti glann** tete a (lobular carcinoma in situ); oubyen,
- Yo jwenn selil anòmal nan pwent tete sèlman (sa rele maladi Paget).

Etap IA

- Timè a 2 sm* ou pi piti, epi kansè PA pwopaje deyò tete a.

Etap IB

- Yo jwenn ti gwooup** selil kansè tete **nan glann lenfatik yo** AK swa yo pa jwenn okenn timè nan tete a oubyen timè a 2 sm ou pi piti.



*Sm vle di santimèt. Yon pou se 2.5 santimèt.

**Yon ti gwooup selil kansè nan yon glann, ki rele tou mikwometastaz, sa vle di gwooup selil ki nan glann nan pi laj pase 0.2 mm (milimèt) men pa pi laj pase 2 mm. Yon pou se 25.4 milimèt.

Akoz varyete paramèt ki nan òdinatè yo, grafik sa ka pa twò byen kalibre.
 (Nan sitwèb Ensti Nasyonal Kansè: www.cancer.gov)

Etap IIA

- Yo pa jwenn okenn timè nan tete a, yo jwenn kansè nan 1 ak 3 glann anba bra (glann ki anba zesèl) oubyen nan glann ki tou pre tete a; oubyen,
- Timè a 2 sm ou pi piti ak yo jwenn kansè nan 1 ak 3 glann anba bra oubyen nan glann tou prè zo tete a; oubyen,
- Timè a pi laj pase 2 sm men pa pi laj pase 5 sm, men kansè PA pwopaje nan glann lenfatik yo.

Etap IIB

- Timè a pi laj pase 2 sm men pa pi laj pase 5 sm ak yo jwenn ti gwooup selil kansè nan glann lenfatik yo; oubyen,
- Timè a pi laj pase 2 sm men pa pi laj pase 5 sm epi yo jwenn kansè nan 1 ak 3 glann anba bra oubyen nan glann tou prè zo tete a; oubyen,
- Timè a pi laj pase 5 sm, men kansè pa pwopaje nan glann yo.

Etap IIIA

- Yo pa jwenn ankenn timè nan tete a ou timè a ka nepòt gwosè, ak yo jwenn kansè nan 4 ak 9 glann anba bra, oubyen nan glann tou prè zo tete a; oubyen,
- Timè a pi laj pase 5 sm ak yo jwenn ti gwooup selil kansè nan glann yo; oubyen,
- Timè a pi laj pase 5 sm epi kansè a pwopaje nan 1 ak 3 glann anba bra, oubyen kansè a gendwa te pwopaje nan glann yo tou prè zo tete a.

Etap Kansè Tete
(Kopye sou Enstiti Nasyonal Kansè, www.cancer.gov)

Stage IIIB • Timè a ka nenpòt gwochè ak:

Kansè a pwopaje nan pawa toraksik la ak/ou po tete a; ak,
Kansè a pwopaje nan jiska 9 glann anba bra ou glann tou prè
zo tete a.

* Kansè ki pwopaje nan po tete a ka yon **kansè tete
enflamatwa tou**.

Stage IIIC • Ka pa gen okenn siy kansè nan tete a, oubyen timè a ka
nenpòt gwochè ak ka pwopaje nan tout pawa toraksik la ak/ou
po tete a. Anplis, kansè a pwopaje nan glann ki anlè oswa ki
anba zo salyè a ak ka pwopaje nan 10 ou plis glann anba bra
oubyen glann ki tou prè zo tete a.

Stage IV • Kansè tete TE pwopaje nan lòt ògàn nan kò a, pi souvan zo yo,
poumon, fwa oswa sèvo.

* Kansè tete enflamatwa ka nan etap IIIB, etap IIIC, oswa etap IV.

5 Opsyon Trètman w yo

Gen anpil opsyon trètman ki disponib pou kansè tete. Trètman ou chwazi a ansanm ak ekip swen sante w la depann sou plizyè bagay, tankou:

- Etap kansè a (Ale gade Seksyon 4);
- Rezulta tès laboratwa yo, **endikatè timè yo**, ak tès jenomik **timè**;
- Laj ou;
- Si wi ou non ou pase menopoz;
- Sante jeneral ou;
- Gwochè tete w; oubyen,
- Kapasite w oswa otorizasyon w pou resevwa **radyasyon**.

Efè Segondè

Efè Segondè se sentom oswa pwoblèm ou ka genyen akoz trètman (operasyon, medikaman, oswa radyasyon). Kèk efè segondè konn rive souvan; gen lòt ki ra. Efè segondè differan pou tout moun. Kèk moun ka gen plizyè efè segondè, ak kèk lòt moun ka pa gen anpil oswa pa genyen ditou. Pou kèk moun, efè segondè yo ka grav, sepandan pou lòt moun yo ka pa twò grav.


Anpil efè segondè ka trete pou ka pèmèt ou fè aktivite nòmal ou. Pale ak ekip swen sante w la sou nenpòt efè segondè ou santi. Pa kanpe medikaman yo ni trètman akoz efè segondè yo san w pa pale ak ekip swen sante w la. Nou dekri efè segondè pou chak kalite trètman nan seksyon sa.

Operasyon

Majorite moun ki gen kansè tete jodiya ka chwazi ant **operasyon pa koupe tete a** ak **mastektomi ou wete tete a**. Aprè tou de kalite operasyon sa yo toujou gen **terapi radyasyon**, ou lòt trètman tankou **kimoterapi** oubyen **terapi òmon**. Nan anpil ka, ni operasyon pa koupe tete a ak ni mastektomi travay menm jan pou moun ki nan **etap preliminè** kansè tete (Etap I ak II).

OPERASYON PA KOUPE TETE (*timorektomi, mastektomi pasyèl oswa operasyon kite tete a*)

Pandan operasyon pa koupe tete a, yon chirijyen retire **timè a**, yon ti tisi nòmal nan tete a tou prè timè a, **kèl glann lenfatik** anba zèsèl la, men pa tete a li menm menm.



Operasyon Kite Tete

Efè Segondè ki Posib nan Operasyon Pa Koupe Tete a

Ka gen yon chanjman nan fòm tete a oswa kèk pati nan tete a ka paralize. Enfeksyon, move gerizon blese, senyen, ak yon reyakson kont medikaman ki itilize nan operasyon an (**anestesi**) ka rive.

MASTEKTOMI

Yon **mastektomi** se lè w retire tete a chirijikalman. Gen plizyè kalite mastektomi, yon mastektomi total (yo rele l tou mastektomi senp), mastektomi kite po ak mastektomi radikal modifye. Yo rekòmande yon mastektomi pi souvan lè:

- Lè gen plizyè kote kansè a ye nan tete w;
- **Timè a** pi gwo pase 5 sm (2 pou);
- Tete w piti ou gen yon kalite fòm kote lè yo retire tout kansè a se yon ti kras tisi tete k ap rete oubyen yon tete defòme; oubyen,
- Ou pa bezwen oswa ou pa ka fè **terapi radyasyon** (pafwa radyasyon nesesè, menm si w gen yon mastektomi).

MASTEKTOMI TOTAL/MASTEKTOMI SENP

Mastektomi total se yon operasyon kote yo retire valè tisi tete posib ki ka retire, pwent tete a, ak kèk po ki kouvrir tete a. Yo pa retire **glann lenfatik yo** ki anba zèsèt l. Sepandan, pafwa yo retire glann yo nan yon metòd diferan pandan menm operasyon an pou verifye si yo gen kansè.

Mastektomi kite po


Pou kèk fanm ki chwazi rekonstriksyon imeda, yo ka fè yon **mastektomi** kite po. Nan metòd sa, pi fò nan po ki sou tete a (sof pwent tete a ak areyòl/wonn tete a) rete entak.

Yon mastektomi kite pwent tete similè tankou mastektomi kite po a. Metòd pi souvan se yon opsyon pou fanm ki gen yon ti kansè ki nan etap preliminè tou prè pati ekstèriè tete a, san siy kansè nan po a oswa tou pre tèt tete a. Chirijyen an souvan retire tisi tete a ki anba pwent tete a (ak wonn tete a) lè y ap itilize metòd sa, pou yo ka verifye si gen selil kansè. Si yo jwenn kansè nan tisi sa, yo dwe retire pwent tete a.


Mastektomi radikal modifye se operasyon kote yo retire tout tete a nèt ki gen kansè a, anpil nan glann ki anba bra a, tisi ki trase misk lestimak la, epi pafwa pati nan misk pawa toraksik la.

Efè Segondè Mastektomi Ki Posib

Enfeksyon, move gerizon blese, ak yon reyakson kont medikaman ki itilize nan operasyon an (**anestesi**), ak yon akimilasyon likid oswa san anba po a ka rive aprè yon **mastektomi**.



Mastektomi Total



Mastektomi Radikal Modifie

RETIRE GLANN

Menm si ou fè yon **timorektomi** oswa yon **mastektomi**, chirijyen w lan jeneralman ap fè yon **biyopsi/egzamen** chè glann lenfatik santinèl la pou konnen si kansè a pwopaje ale nan **glann lenfatik** yo, san l pa retire tout glann yo. Glann lenfatik santinèl la se premye glann kote kansè plis ka pwopaje. Si pa gen okenn selil kansè nan **glann lenfatik santinèl** la, li pwobab lòt glann anba bra yo pap gen kansè landan yo. Si gen selil kansè nan glann lenfatik santinèl la, chirijyen an ka retire plis glann anba bra a (**koupe glann lenfatik anba bra yo**) pou wè konbyen lòt glann ki enplike.

Efè Segondè ki Posib lè yo Retire Glann Lenfatik

Bra ak anba zèsèl la paralize, oubyen ponyèt anfle yo rele **lenfodèm** ka rive aprè yo retire **glann lenfatik** yo. Lenfodèm se yon akimilasyon likid ki lakoz pati nan kò a ki afekte a anfle. Gen trètman ki disponib pou lenfodèm. Ou dwe konsilte yon doktè si nenpòt nan pwoblèm sa yo rive:

- Bra w anfle, dwèt yo ka ladan l tou;
- Yon sansasyon fò ak lou nan youn nan bra w yo;
- Yon sansasyon krapn nan po w;
- Pwoblèm pou w jwe yon atikilasyon nan bra w;

- Po a vin di, avèk ou san chanjman nan po w tankou blad oubyen zanpoud;
- Yon sansasyon tankou w kwense lè w mete rad, soulye, braslè, mont, oswa bag; oubyen,
- Pwoblèm pou dòmi.

Lenfodèm ka afekte aktivite chak jou w ak abilité pou w travay oswa pou apresye divètisman w yo. Sentom yo ka parèt dousman tanzantan, oubyen pi rapid si gen yon enfeksyon oswa yon frakti nan men an.

Trètman Sistemik

Yo itilize trètman sistemik yo pou ka sible selil kansè yo atravè a. Yo afekte tout selil nan kò w epi se pa jis selil kansè ki nan tete w yo. Yo ka bay trètman sistemik la anvan terapi (**neyoadjivan**) oubyen aprè (**terapi adjivan**) chiriji oswa **radyasyon**. **Chimyoterapi**, **terapi òmonn** ak **terapi sible** se trètman sistemik.

KIMOTERAPI.

Kimoterapi se itilizasyon medikaman pou tagèt selil kansè yo. Pi souvan, yo mete medikaman yo nan sikilasyon san an atravè yon **sereng pou venn** (IV) yo foure anndan yon venn. Lè plis tan pase, yo ka bay medikaman an sou fòm grenn.

Yo ka bay chimyoterapi a nan yon pòt yo mete nan lestomak ou grasa yon ti operasyon tou kout yo fè pou pasyan san ospitalizasyon. Yon pòt se yon ti disk ki fèt an plastik oswa metal ki gwosè yon twa-ka pyas ameriken (kwatè) ki chita anba po a. Yon tib ki pa di ki rele yon katetè konekte pòt la ak yon gwo venn. Remèd chimyoterapi yo yo ba ou yo atravè yon sereng espesyal ki byen chita nan pòt la.

Yo bay Chimyoterapi an seri. Ou pran trètman apre yo ba w yon peryòd tan (souvan 2-3 semèn) pou w repoze w anvan lòt trètman an. Anpil pasyan fè chimyoterapi a nan yon klinik ki pa etènne pasyan lopital la genyen, nan klinik doktè a, oubyen lakay. Se raman pasyan bezwen rete nan lopital la pandan trètman.

Chak moun reyaji diferan ak kimoterapi. Men kèk efè ki popilè:

- Fatige anpil (sa rele fatig);
- Pèdi apeti;
- Kè plen (gonflement) ak/ou vomisman;
- Dyare ou konstipasyon;

- Chanjman pwa;
- Doulè nan bouch ak bouton nan po bouch;
- Pèt cheve pandan yon ti tan; ou,
- Diminisyon kontaj sangen ki ka ogmante risk pou fè enfeksyon oswa pou bay san.

Lòt efè segondè ki asosye ak chimyoterapi se chanjman nan règ fi, zo vin mensi, men ak pye k ap pike ak ki vin paralize, chanjman koulè po, ak chanjman nan konsantrasyon ak memwa (souvan yo rele sa "sèvo chimyo").

Sijesyon pi ba yo ka ede konbat kè plen ou vomisman:

- Pran medikaman ki diminye kè plen ak vomisman jan ekip swen sante w la endike w la;
- Manje ti repa souvan; pa manje 3 ak 4 èdtan anvan trètman w lan;
- Manje pòpsikòl, desè jelatin, krèm ble, avwàn, pòmdetè boukannen nan fou; o ji fri melanje ak dlo;
- Byen moulen manje w epi rilaks pandan w ap manje; oubyen,
- Aprann fè egzèsis pou redui strès.

Kò w mwens ka konbat ak enfeksyon lè w ap fè chimyoterapi. Etap sa yo ka ede w rete an sante pandan w nan chimyoterapi:

- Evite gwo gwoup ak moun ki gen grip ak lòt maladi kontajye;
- Benyen chak jou, lave men w ak savon ou yon likid men souvan, ak bwose dan w dousman chak fwa w fin manje;
- Mete gan lè w ap fè jaden oswa lòt travay ki ka ekspoze men w ak fatra oswa zouti file pou w ka pwoteje men w yo;
- Si w blese, se pou w kenbe blesi a pwòp e kouvari li;
- Manje yon rejim alimantè ki nitritif ak pran anpil repo; ak,
- Pran nenpòt medikaman pwofesyonèl swen sante w la preskri w pou ede kò w batay ak enfeksyon.

TERAPI ÔMONN

Kèk kansè tete sansib ak ***estwojèn akprojestewòn***, de ***òmonn*** kò fi fabrike (ale gade definisyon pou ***endikatè timè***). ***Terapi òmonn*** anpeche selil kansè yo jwenn òmonn kansè a bezwen pou l devlope. Trètman sa itilize medikaman ki ka swa bloke òmonn yo pou pa rive nan kansè a oubyen diminye nivo òmonn yo nan kò a. Pafwa yo rekòmande pou w fè operasyon pou retire ovè yo, ki pwodui estrojèn ak pwojesteròn.

Yo souvan itilize operasyon òmonn aprè operasyon oswa chimyoterapi, men ou ka kòmanse l anvan operasyon an tou. Medikaman ki rele tamoxifen se yon egzanp yon terapi òmonn.

Men kèk kalite terapi òmonn:

- Òmonn pou liberasyon liteyoestimilin (Luteinizing Hormone Releasing Hormone, LHRH) ki antagonis. Sa se kèk fi ki pokò rive nan menopoz ak ki gen kansè tete reseptè estwojèn pozitif yo bay li. Jan l fonksyone se diminye yo diminye kantite òmonn estwojèn nan kò a; ou,
- Inibitè aromataz. Sa se kèk fi yo dyagnostike aprè menopoz yo bay li ki gen kansè tete reseptè estwojèn pozitif. Li diminye òmon estwojèn nan kò a lè l bloke yon anzim ki fè òmonn andwojèn nan tounen estwojèn.

Chak moun reyaji differan ak terapi òmonal. Men kèk efè segondè:

- | | |
|---------------------------------|-----------------------------------------|
| • Fatig (santi w fatige anpil); | • Kè plen (gonfleman); |
| • Vant mòde; | • Pran pwa; ou, |
| • Ekoulman oswa iritasyon; | • Chanjman nan sik manstriyèl (règ fi). |

Lòt efè segondè ka ladan l doulè zo ak atikilasyon, dyare, diminisyon gwo sè misk ak kouraj, ak zo mensi.

TERAPI SIBLE

Terapi Sible pou kansè se medikaman oswa lòt sibstans pou sible espesyalman chanjman nan selil ki lakoz kansè. Pa egzanp, yon ***terapi sible*** yo ka bezwen l pou trete yon kansè tete yo teste l li pozitif pou yon ***endikatè timè*** ki rele reseptè 2 faktè kwasans epidèmik imen (human epidermal growth factor receptor 2, HER2). HER2 ede selil kansè yo devlope.

Gen mwens chans pou terapi sible a jeneralman afekte selil nòmal, ak ki an sante konpare ak **chimyoterapi**.

Chak moun reyaji differan ak terapi sible la. Men **kèk efè segondè ki konn rive souvan:**

- Mak sou po oswa enflamasyon kote • Dyare ou vomisman;
- yo te fè enjesyon pou terapi tagèt la; • Nen k ap bay san; oubyen,
- Sentom tankou grip; • Tansyon wo.
- Fatig (fatige anpil);

Terapi Radyasyon

Terapi radyasyon (yo rele l tou radyoterapi) itilize reyon wot enèji pou tiye selil kansè yo. **Yo ka bay radyasyon an** anvan ou aprè operasyon. Majorite pasyan resevwa radyasyon ekstèn, ladan l se yon machin ki bay radyasyon an nan pati nan kò a kote kansè a ye a. Radyasyon an tou ka soti nan materyèl radyoaktif yo plase dirèkteman nan tete a. Kèk moun ka gen tou de kalite radyasyon sa yo. Pale ak ekip swen sante w la sou kantite terapi radyasyon w ap pran ak chak kilè w ap pran l. Desizyon sa baze sou gwose **timè w la**, kalite operasyon w te fè a, ak kalite radyasyon ou pral resevwa a.

Chak moun reyaji differan ak terapi radyasyon. Efè segondè yo jeneralman amelyore aprè trètman an fini. Men kèk efè segondè:

- Enflamasyon ak tete lou;
- Chanjman po tankou po solèy boule nan pati kote yo fè trètman an*; oswa
- Fatig.

Efè segondè terapi radyasyon gen ladan l doulè ak sansibilite anba bra, doulè lestimak, santi tankou kè w ap bat fò, tous ki sèch, ak souf kout. Si radyasyon an te sible pati anba bra a, ou ka pèdi plim anba bra w tou ak swe mwens anba bra sa.

Eksperimentasyon Klinik

Eksperimentasyon klinik fè pati pwosesis rechèch pou kansè. Yo fè yo pou chache konnen si nouvo trètman pou kansè yo sekirite ak pi efektif pase trètman yo itilize jounen jodi yo. Pou kèk pasyan, patisipan nan eksperimentasyon klinik se ka pi bon chwa trètman an. Pou lòt pasyan, se yon chans pou ede amelyore fason yo pral trete kansè nan lavni. Pou jwenn plis detay sou eksperimentasyon klinik, pale ak ekip swen sante w la ou vizite: www.cancer.gov/clinicaltrials

Plis Enfòmasyon konsènan Trètman yo:

Rezime Trètman Kansè Tete

American Cancer Society (Sosyete Kansè Ameriken)
www.cancer.org/treatment/treatments-and-side-effects/treatment-types.html

National Cancer Institute, Breast Cancer Treatment – Patient Version
(Enstiti Nasyonal Kansè, Trètman Kansè Tete – Vèsyon pou Pasyan)
www.cancer.gov/types/breast/patient/breast-treatment-pdq

Sipò ak Sivivans pou Kansè Tete

American Cancer Society
www.cancer.org/cancer/breast-cancer.html

New York State Department of Health, Sipò Kominotè ak Sèvis Legal
www.health.ny.gov/diseases/cancer/services/community_resources/

Chimyoterapi ak Medikaman pou Kansè

American Cancer Society
www.cancer.org/cancer/breast-cancer/treatment/chemotherapy-for-breast-cancer.html

*Po w ka sansib epi ka evantyèlman koumanse parèt ou ba w sansasyon tankou boule nan solèy, ap grate, dekole, ou boule. Doulè ak sansibilite souvan. Iritasyon an ka vin pi mal pandan trètman an ap kontinye.

Lenfodèm

American Cancer Society

www.cancer.org/treatment/treatments-and-side-effects/physical-side-effects/lymphedema.html

National Cancer Institute

www.cancer.gov/about-cancer/treatment/side-effects/lymphedema/lymphedema-pdq#section/all

New York State Department of Health, "Èske Ou te tè Trètman pou Kansè?"

www.health.ny.gov/publications/0399/

Terapi Radyasyon

American Cancer Society

www.cancer.org/treatment/treatments-and-side-effects/treatment-types/radiation.html

Trètman Chirijikal ak Sistemik

American Cancer Society

www.cancer.org/treatment/treatments-and-side-effects/treatment-types/surgery.html

6 Rekonstriksyon Tete

Rekonstriksyon tete se yon operasyon pou rebati yon tete. Rekonstriksyon tete se yon opsyon pou nenpòt moun ki te pèdi yon tete akoz kansè. Yon tete ki rebati pa p gen sansasyon ni fonksyon natirèl, men rekonstriksyon tete ka ede w santi w plis konfòtab ak jan w sanble aprè yon mastektomi. Si w fè rekonstriksyon tete, pale sou sa ak chirijyen w **anvan** operasyon an epi mande l pou l ba w referans pou al jwenn yon chirijyen **plastisyen eksperimentante**. Anpil fi kòmanse rekonstriksyon nan menm moman operasyon yo a; gen lòt ki tann kék mwa oswa menm ane menm.

Lwa New York State egzije plan asirans sante ki ofri pwoteksyon medikal ak chirijikal pou peye pou rekonstriksyon ak operasyon nan lòt tete a pou asire toude tete yo sanble. Plan asirans sante pèsonèl ak plan travay ou peye pou ou deyò New York State pa gen obligasyon pou peye pou rekonstriksyon tete. Si w gen kesyon konsènan lwa rekonstriksyon tete oswa lòt lwa asirans, rele **New York State Department of Finance (Depatman Sèvis Finansye Eta New York)** nan 1-800-342-3736.


Kék fi chwazi pou yo pa fè operasyon rekonstriksyon tete a. Olye sa, kék fi chwazi mete yon fòm tete (**fo tete**) ki byen chita nan yon souten, yon soutyen espesyal ki tou fèt ak fòm tete, oubyen fè yon tatou sou sikatris mastektomi yo. Kék fi chwazi pa fè youn nan bagay sa yo. Sa se yon desizyon pèsonèl. Diskite opsyon w yo ak chirijyen plastisyen w lan pou ede w deside meyè chwa pou konfò w ak aparans ou.

Si w ap panse fè yon operasyon rekonstriksyon tete, seksyon aprè a gen enfòmasyon sou kalite operasyon ki disponib.

Rekonstriksyon Tete ak Enplan

Enplan se sak plastik ki ranpli ak **silikòn** (yon kalite plastik likid) oswa **salin** (dlo sale). Yo plase sak la plase anban po w dèyè misk lestomak ou. Enplan ka pa dire tout lavi w, epi ou ka bezwen plis operasyon pou ranplase yo pi devan. Pafwa enplan salin yo "fè pli" nan tèt la, oubyen ka chanje pozisyon pi devan, men anpil fi pa twouve chanjman sa yo bay pwoblèm ase pou yo ta ranplase enplan an.

The Food and Drug Administration (Administrasyon Aliman ak Medikaman, FDA) etidyé sekirite enplant silikòn pou tete ak sistèm iminitè a pandan plizyè ane. Rechèch ki pi resan yo montre enplant sa yo pa koze ankenn pwoblèm pou sistèm iminitè a. FDA apwouye de kalite enplant silikòn pou operasyon rekonstriksyon tete an 2006. Si w ap panse fè enplant silikòn, ou ka bezwen pale ak chirijyen w lan sou rechèch FDA a ak si enplant silikòn se yon bon chwa pou ou.



Rekonstriksyon tete ak enplan


Efè Segondè Posib Lè w Fè Rekonstriksyon ak Enplan

Moun ki fè rekonstriksyon ak enplan pafwa gen doulè, enfeksyon, oswa enplan an defòme (kraze). Gen kèk moun ki ka pa kontan ak jan tete a parèt, oubyen sikatris ka fòme nan alantou tete a tanzantan, sa ki lakoz tete ki rekonstri an mwens bèl.

Rekonstriksyon Tete ak Plak Chè

Operasyon plak chè itilize grès, po, vesò sangen ak pafwa misk yo retire nan yon lòt pati nan kò a pou rebati tete. Yo ka pran chè sa nan:

- Pati anba vant (pa egzanp, **Plak/Flap TRAM** ou **Plak DIEP** ou **Plak SIEA**);
- Do (pa egzanp, **Plak Latissimus Dorsi**);
- Anch/Mouda (pa egzanp, **Plak SGAP**); ou,
- Kwis (pa egzanp, **Plak TUG**, **Plak PAP**).



Rekonstriksyon tete ak mòso chè/tisi

Pafwa nan operasyon sa yo itilize yon enplan pou fè nouvo tete sa sanble ak lòt tete a. Kalite rekonstriksyon sa souvan pran plis pase yon sèl operasyon. Etap anplis yo se lè w ajoute yon pwen tete, operasyon nan lòt tete a pou w ka fè yo byen sanble, ak amelyore fòm tete ou rekonstri a.

Efè Segondè Rekonstriksyon ak Plak Chè ki Posib

Operasyon sa yo kite sikatris de kote – youn kote yo te pran chè a ak lòt la nan nouvo tete a. Sikatris la ka disparèt tanzantan men ka pa janm sòti nèt nèt. Ka gen feblès nan misk kote yo te pran chè a, diferans nan gwochè ak fòm tete a, oswa pa ase rezèv san nan nouvo tete a. Pou ka diminye chans pou gen efè segondè sa yo, chwazi yon **chirijyen plastisyen** ki fòme nan operasyon sa yo ak ki fè l avèk siksè pou anpil fanm.

Pou w ka jwenn chirijyen plastisyen ak rekonstriksyon ki sètifye nan zòn ou an, vizite [American Society of Plastic Surgeons \(Sosyete Ameriken Chirijyen Plastisyen\)](#) sitwèb www.plasticsurgery.org oubyen rele **1-888-4PLASTI** (1-888-475-2784).

7 Èske Asirans lan Pral Peye pou Operasyon an?

Daprè lalwa New York State, tout plan asirans sante ki garanti ospitalizasyon dwe garanti swen lopital aprè operasyon pou kansè tete pandan peryòd tan ou menm ak ekip swen sante w la panse li empòtan pou w ka refè. Konpayi asirans sante ki ofri pwoteksyon medikal ak chirijikal nan New York State dwe peye tou pou pri rekonstriksyon tete lè se yon pwofesyonèl swen sante ou lopital k ap patisipe nan rezo plan sante w la. Anplis, plan sante pèsonèl ou plan travay ou peye deyò New York State pa oblige peye pou rekonstriksyon tete. Kontakte konpayi asirans ou a pou detay sou plan ou an. Si w gen kesyon sou lwa sa ou lòt lwa asirans, rele [Consumer Hotline \(Liy Dirèk\) New York State Department of Financial Services](#) nan **1-800-342-3736**.

Si w gen asirans nan New York State Department of Health, rele plan sante w la pou jwenn enfòmasyon sou pwoteksyon pou trètman ak lajan w ap peye kach. Jwenn yon biwo lokal sèvis pou itilizatè depatman asirans, vizite: [Biwo Department of Financial Services Offices & Lokal](#) (www.dfs.ny.gov).

Pou aprann plis sou dwa w antanke yon itilizatè asirans sante, vizite: Dwa w Antanke yon Itilizatè Asirans Sante (www.dfs.ny.gov/consumer/rights.htm).

8 Si w pa Gen Asirans Sante

Si ou abite nan New York State, ou pa gen asirans sante epi ou bezwen swen pou kansè tete, ou gendwa kalifye pou **Medicaid Cancer Treatment Program (Pwogram Trètman Kansè Medicaid)** oubyen **Medicaid**. MCTP ofri pwoteksyon Medicaid konplè pou trètman kansè tete, rekonstriksyon tete aprè operasyon kansè tete, ak lòt depans medikal pou moun ki satisfè kèk kondisyon pou moun kalifye. Moun ki enskri nan MCTP dwe itilize yon doktè ki patisce nan frè pou sèvis Medicaid New York State pou depans medikal yo ka garanti. Pwoteksyon an kontinye pou tout dire trètman w lan ak tout medikaman.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou MCTP ou konnen si ou kalifye, vizite: **Medicaid Cancer Treatment Program, Breast, Cervical, Colorectal and Prostate Cancer (Pwogram Trètman Kansè Medicaid, Kansè Tete, Kòl Matris, Kolorektal ak Pwostat)** (www.health.ny.gov/diseases/cancer/treatment/mctp), ou rele **1-866-442-CANCER (1-866-442-2262)** pou konekte ak **New York State Cancer Services Program (Pwogram Sèvis pou Kansè Eta New York)** ki ka reponn kesyon ak ede w aplike pou MCTP.

Aprè trètman w lan fini, sonje pou enskri nan yon plan sante nan New York State Department of Health. Pou jwenn plis enfòmasyon sou **New York State Department of Health. The Official Health Plan Marketplace (Platfòm Ofisyèl pou Plan Sante)**, al gade nan: New York State Department of Health. (www.nystateofhealth.ny.gov) oubyen rele liy asistans lan nan **1-855-355-5777** ou **TTY: 1-800-662-1220**.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou **Medicaid**, al gade nan: Medicaid nan New York State (www.health.ny.gov/health_care/medicaid) Ou rele **New York State Medicaid Help Line (Liy Asistans New York State)** nan **1-800-541-2831**.

Veteran fanm ka jwenn plis enfòmasyon sou kalifikasyon yo pou asirans sante ak aplike pou asirans sante nan **Women Veterans Health Care (Swen Sante pou Veteran Fanm)** (www.womenshealth.va.gov/WOMENSHEALTH/womenshealthservices/health_care_eligibility_enrollment.asp).

9 Lavi Aprè Trètman Kansè Tete

Pandan peryòd dyagnostik kansè a, pandan trètman kansè a, ak aprè trètman, yo konsidere w kòm yon **sivivan kansè**. Sa yo se etap yon sivivan k ap swiv pou l rete an sante aprè trètman kansè a fini. Li enpòtan pou sonje kansè a ka retounen, fè swivi regilye ak ekip swen sante w la enpòtan anpil.

Swen Swivi

Kontinye wè ak ekip swen sante w la aprè trètman an fini. Nan kòmansman, pwobabman w ap gen randevou chak 3 ak 6 mwa. Jeneralman, pi plis tan w fè san w pa gen kansè, se mwens randevou w ap bezwen. Sonje pou w:

- Kontinye wè doktè regilye w (pwofesyonèl swen sante prensipal) pou fè tyèkòp medikal abilityèl;
- Di pwofesyonèl swen sante w la imedyatman si w gen nenpòt pwoblèm sante ou nenpòt chanjman nan pati kote w te fè trètman an ou nan lòt tete w la;
- Kontinye fè **mamogram** ak egzamen klinik tete jan doktè w la rekòmande a; epi,
- Ankouraje fanmi ki pwòch ou yo (pitit fi, sè, ak manman) pou fè egzamen kansè tete yo rekòmande yo. Sivivan **kansè tete** ka tounen chanpyon ak lidè pou lòt moun.

Dosye Medikal


Lè ou kenbe kopi dosye medikal ou yo, li pi fasil pou w kontwole pwòp swen w epi pou w kapab bay bon enfòmasyon pou pataje ak lòt doktè sizoka ou ta vin demenaje oubyen chanje plan asirans. Ou ka mande pou dosye w yo lè w ranpli yon fòm dechaj dosye medikal nan biwo doktè w la ou lopital la. Sonje pou w kenbe tout dosye w yo ansanm nan yon kote ki fasil pou w sonje.

Ou ka bezwen mande doktè kansè w la pou yon rezime brèf (1-2 paj) pou ede pwofesyonèl swen sante w la kapab ba w meyè swen posib pandan rès tan w ap viv. Rezime a dwe genyen ladan l:

- Dyagnostik kansè w la ak ***nan ki etap li ye***;
- Tout rezulta tès ou yo;
- Deskripsyon tout operasyon w yo, ak tout rezulta yo;
- Tout trètman w yo: pou ***chimyoterapi*** – non medikaman yo, ak tout dozaj yo, lè pou pran yo, ak efè segondè yo; pou ***radyasyon*** – adrès kote radyasyon an te fèt ak kantite radyasyon ou te resevwa;
- Nenpòt lòt terapi, tankou nitrisyon ou konsèy;
- Yon lis tès swivi yo rekòmande w ak chak kilè ou dwe fè yo; epi,
- Tout detay enfòmasyon pou tout espesyalis k ap patisipe nan swen kansè w la.

Pou plis enfòmasyon sou sivivans kansè ak lavi aprè trètman kansè, al gade nan:

www.cancer.gov/cancertopics/life-after-treatment.



10 Kesyon pou Poze Ekip Swen Sante ou a

Seksyon sa gen kesyon nou sijere ou ka poze lè ou fenk resevwa dyagnostik la. Ale ak yo lè ou ale wè doktè a.

Kesyon pou poze ekip swen sante ou a

Dyagnostik Kansè

- Èske w ka ekri pou mwen souple ki kalite kansè egzakteman m genyen?
- Èske ***glann mwen yo*** gen ankenn tras kansè kansè?
- Nan ki ***etap kansè*** tete m nan ye?
- Ki pwobabilite ki genyen pou kansè m nan pwopaje plis kote pase jis nan tete m?
- Ki avantaj ki genyen nan resevwa trètman nan yon sant ki espesyalize nan kansè?
- Ki lòt ***indikatè timè*** nou teste kansè tete m pou yo (sa vle di, ***estwojèn/òmonn fi ak reseptè òmonn pwojesteròn***)?

Tès Jenetik

- Èske m dwe ale wè yon ***konseye jenetik***?
- Èske gen posibilité m erite kansè sa nan fanmi m?
- Èske lòt manb fanmi m yo gen anpil risk pou gen kansè tete?
- Èske gen lòt kansè m gen risk pou genyen?

Pou jwenn plis enfòmasyon sou risk ak tès jenetik kansè, al gade nan:
BRCA1 ak BRCA2: Cancer Risk and Genetic Testing (Risk ak Tès Jenetik Kansè)
www.cancer.gov/about-cancer/causes-prevention/genetics/brcaproject-fact-sheet)

Kesyon pou poze ekip swen sante ou a

Trètman Kansè

- Kilè trètman m ou trètman yo ap kòmanse? Kilè l ap fini?
- Ki chwa trètman m genyen?
- Chak kilè m ap gen trètman?
- Konbyen tan chak trètman ap dire?
- Ki kote m prale pou trètman m?
- Èske m ap ka kondi ale lakay mwen aprè sa?
- Ki efè segondè m ka genyen?
- Èske gen medikaman ak lòt fason pou ede m jere efè segondè sa yo?
- Kisa m ka fè pou pran swen tèt mwen anvan, pandan ak aprè trètman?
- Èske gen okenn efè alontèm m dwe atann mwen ak yo?
- Kiyès k ap anchaj trètman m?
- Kiyès m dwe rele si mwen gen kesyon ak enkyetid ?

Kesyon Ou Ka Bezwén Poze Chirijyen w Lan Sou Operasyon Kansè Tete

- Èske *terapi ki konsèvè tete a* se yon opsyon m genyen? Ki operasyon ou rekòmande pou mwen? Pouki sa?
- Ki gwo sè sikatris mwen an ap ye? Ki kote l ap ye?
- Konbyen tisi nan tete m y ap retire?
- Èske y ap fè yon *biyopsi glann lenfatik santinèl* pou gade si m bezwen *retire plis glann* ak yon *koupe glann anba zèsèl yo*? Pou ki sa wi ou pou ki sa non?
- Èske y ap retire glann lenfatik mwen yo? Pouki sa wi pou ki sa non?
- Èske m ap bezwen rete nan lopital la? Si wi, pou konbyen tan?
- Èske gen yon moun m ka pale ak li ki te deja fè kalite operasyon mwen pra fè a?
- Ki aktivite pou m evite? Kilè m ka retounen nan aktivite nòmal mwen?
- Èske kote m fè operasyon an ap bezwen swen espesyal?

Kesyon pou poze ekip swen sante ou a

- Èske m prale lakay mwen ak yon tiyo, fil koud, agraf chirijikal ki mande swen espesyal ak pou yo retire yo?
- Kisa pou m fè si m gen efè segondè? Kiyès pou m rele?

Kesyon Ou Ka Bezwén Poze Ekip Swen Sante w la Sou Kimoterapi

- Èske m bezwen *chimyoterapi*?
- Ki pwobabilite siksè kimoterapi kont kalite kansè m genyen an?
- Èske m ka travay pandan m ap fè chimyoterapi?
- Kijan m ka evite ou jere kè plen?
- Èske m ap pèdi cheve m?
- Èske m ap sispann gen règ mwen?
- Èske l ap empakte kapasite m pou m fè yon timoun?
- Èske m ap gen lòt efè segondè?

Kesyon Ou Ka Bezwén Poze Ekip Swen Sante w la sou Terapi Òmonn

- Èske *terapi òmonn pral* ede mwen?
- Ki pwobabilite siksè terapi òmonn kont kalite kansè m genyen an?
- Èske gen yon bagay k ap ede m konbat efè segondè yo?
- Konbyen tan m bezwen pase nan terapi òmonn?

Kesyon Ou Ka Bezwén Poze Ekip Swen Sante w la sou Terapi Tagèt

- Èske trètman ak Terapi Sible ap ede mwen?
- Ki pwobabilite siksè terapi sible a kont kalite kansè m genyen an?
- Èske gen yon bagay k ap ede m konbat efè segondè yo?

Kesyon pou poze ekip swen sante ou a

Kesyon Ou Ka Bezwèn Poze Ekip Swen Sante w la sou Terapi Radyasyon

- Èske m bezwen terapi radyasyon?
- Ki pwobabilitè siksè terapi radyasyon kont kalite kansè m genyen an?
- Kijan y ap ban m radyasyon an?
- Kijan trètman an ap afekte po m?
- Kijan pou m konbat malèz po m ap andire pandan terapi radyasyon an?

Kesyon Ou Ka Bezwèn Poze Ekip Swen Sante w la sou Rekonstriksyon Tete

- Ki kalite operasyon k ap ban m meyè rezulta? Ki opsyon m genyen?
- Konbyen operasyon m ap bezwen?
- Konbyen rekonstriksyon tete w fè dejá?
- Èske m ka wè foto ou te fè rekonstriksyon pou yo? Èske m ka kontakte nenpòt nan yo?
- Konbyen tan m ap bezwen pou mwen refè?
- Ki aktivite pou m evite? Kilè m ka retounen nan aktivite nòmal mwen?

11 Liy Dirèk pou Kansè Tete, Gwoup Sipò, ak Lòt Resous

Òganizasyon nan Eta ou nan òganizasyon nasyonal sa yo ka ba w enfòmasyon sou **gwoup sipò**, liy dirèk ki gen teknisyen benevòl fòme ki ka reponn kesyon sou trètman ak sipò, ak lòt enfòmasyon, materyèl, ak sèvis ki gen rapò ak kansè tete. Anpil nan òganizasyon sa yo ka konekte w ak resous ki nan nan zòn ou. Ou ka jwenn lòt gwoup sipò nan zòn ou an tou nan pale ak ekip swen sante w la oubyen lòt moun ou fè konfyans ki dejá swiv trètman pou kansè tete.

American Cancer Society (ACS), Liy Dirèk Nasyonal

1-800-ACS-2345 (1-800-227-2345)

Sikusal lokal yo endike nan paj blanch liv telefòn ou an epi ou ka jwenn yo sou sitwèb ACS la. Ofri enfòmasyon gratis ak sipò emosyonèl nan men teknisyen benevòl ki fòme nenpòt lè anvan, pandan ou aprè trètman. **Sitwèb:** www.cancer.org

National Cancer Survivorship Resource Center (Sant Resous Nasyonal pou Sivivan Kansè)

genyen resous yo devlope pou sivivan kansè, pwofesyonèl swen sante, ak kominate politik ak defans dosye.

Sitwèb: www.cancer.org/health-care-professionals/national-cancer-survivorship-resource-center.html

National Cancer Institute Cancer Information Hotline (Liy Dirèk Enfòmasyon sou Kansè Enstiti Nasyonal Kansè)

1-800-4-CANCER, (1-800-422-6237)

Ofri enfòmasyon avanse ann Anglè oswa nan lang Panyòl sou trètman, egzamen klinik, konsèy sou kijan pou manje, kansè avanse, ak sèvis nan zòn ou an.

Sitwèb: www.nci.nih.gov

New York State Breast Cancer Programs (Pwogram Kansè Tete New York State)

1-866-442-CANCER (1-866-442-2262)

Sit sa gen lyen pou jwenn New York State Department of Health Cancer Services Program (Pwogram Sèvis Kansè Depatmant Sante Eta New York) ak enfòmasyon sou kote ki gen konsiltasyon ak asirans.

Sitwèb: www.ny.gov/programs/new-york-state-breast-cancer-programs

New York State Breast Cancer Support and Education Network (Rezo Sipò ak Edikasyon Kansè Tete New York State)

Yon rezo ki tabli nan tout eta a, ki konpoze ak òganizasyon sivivan kansè tete nan New York ki pataje enfòmasyon ak resous.

Sitwèb: <http://nysbcen.org/>

Cancer Services Program (CSP) New York State Department of Health (NYSDOH)

1-866-442-CANCER (1-866-442-2262)

Pwogram sa ofri egzamen pou kansè tete, sèvikal/kòl matris ak kolorektal/trip epi tès dyagnostik pou moun ki rete nan eta New York ki kalifye, ki pa asire oswa ki pa gen ase asirans epi asistans pou yo enskri nan NYS Medicaid Cancer Treatment Program (Pwogram Trètman Kansè Medicaid NYS la) ki ofri pwoteksyon pou moun kalifye ki gen kansè tete, kòl matris, kolorektal ak pwostat. Moun ki rele liy telefonik lan ak vizitè ki vizite sitwèb la ka jwenn aksè tou nan pwogram kominotè NYSDOH finanse ki ofri sipò, edikasyon, ak konsèy pou sivivan kansè tete epi sèvis sipò akoutèm ak alontèm pou pwoblèm pou jwenn èd jiridik, finansye ak medikal, epi tou enfòmasyon kontak konseyejenetik.

Sitwèb: www.health.ny.gov/diseases/cancer/services/community_resources

Susan G. Komen Breast Cancer Foundation, Breast Care Help Line (Liy Dirèk Swen Tete)

1-877-GO KOMEN (1-877-465-6636)

Volontè "ki viv eksperians sa déjà" disponib pou ofri sipò, reponn kesyon, ak ba w fòmasyon sou pwoblèm konsènan kansè.

Sit Entènèt: www.komen.org

12 Kèk Definisyon

Aktivis Pasyan Yon moun ki ede pasyan travay ak, oswa rezoud pwoblèm ak moun oubyen ak òganizasyon ki patiispe nan bay pasyan an swen, tankou doktè, konpayi asirans, travay, manadjè dosye, ak avoka.

Biyopsi Glann santinèl (Sentinel node biopsy) Ajoute koloran pandan operasyon nan tete a pou ede lokalize premye *glann nan* kote *timè a* seche a; yo retire glann nan pou ka anpeche kansè a pwopaje epi yo teste l pou detèmine si gen selil kansè.

Chimyoterapi Trètman pou tiye ou ralanti devlopman kansè.

Chirijyen platisyen Yon doktè ki ka refè (rekonstwi) tete w.

Chirijyen tete Yon chirijyen ki espesyalize nan operasyon tete.

Eksperimentasyon klinik Yon etid yo fè ak pasyan kansè pou ka chache konnen si apwòch ki sanble yo ka pozitif pou fè prevansyon kont kansè, dyagnostik, ak trètman yo san danje epi efikas pou pasyan an.

Endikatè timè Se sibstans kansè ou lòt selil nan kò a pwodui men kansè enfliyanse. Ou ka jwenn sibstans sa yo nan kantite anòmal nan san, pipi ou nan chè kèk moun ki gen kansè. Reseptè-estwojèn (Estrogen-receptor, ER) ak reseptè-pwojestewòn (progesterone-receptor, PR) se egzanp endikatè timè nou jwenn nan kèk kalite kansè tete.

Enfimyè espesyalis klinik Yon enfimyè ki gen fòmasyon espesyal ki ka ede reponn kesyon ak bay enfòmasyon sou resous ak sèvis sipò.

Enplant Yon *sak ki plen ak silikòn* ou *salin*-yo fouye anba misk lestomak ou pou refè fòm tete a.

Espesyalis swen palyatif Yon pwofesyonèl sante ki ofri swen ak trètman ki amelyore kalite lavi pou moun ki nan nenpòt etap yon maladi.

Estwojèn Yon òmonn ki regularize sik manstriyèl la epi ki kontribiye nan devlopman trè karakteristik fanm, tankou tete.

Fizyoterapis Yon pwofesyonèl sante ki anseye egzèsis ki ede restore mouvman bra ak zepòl aprè operasyon.

Gid Pasyan Yon moun oswa òganizasyon ki gide pasyan nan sistèm swen sante a nan jan yo ede yo jwenn aksè ak sèvis swen sante ki apwopriye, redui obstak ki genyen pou jwenn swenn, ede kominike ak pèsonèl medikal asiste ak enfòmasyon sou opsyon trètman ak pwoteksyon aspirans ki disponib.

Glann lenfatik anba bra (Axillary nodes) Se **glann** ki sitiye anba zèsèl.

Glann yo Pati nan sistèm iminitè a ki filtre fliyid yoak retire jèm ak lòt materyèl nan kò a. Yo souvan retire glann ki anba bra yo pou yo ka konnen si kansè a pwopaje.

Gwoup sipò Yon gwoup moun ki gen menm pwoblèm oswa menm eksperyans ki rasanble pou pataje santiman, pwoblèm, ak enfòmasyon youn ak lòt.

Kanal (Ducts) Tib oswa kanal ki ki transpòte lèt tete a soti nan **ti glann yo** ale nan pwent tete yo.

Kansè In situ Developman ki nan faz preliminè ou non-envazif ki rete sèlman nan gwo venn yo ak **ti glann** ki nan tete a.

Kansè tete enflamatwa Yon kalite kansè ki ra kote po tete a tou wouj epi anfle.

Klase pa Etap/Etap (Staging/stage) Klase kansè tete selon gwo sè a kò a. Yo souvan retire glann ki anba bra yo pou yo ka konnen si kansè a pwopaje.

Konseye jenetik Yon pwofesyonèl sante ki gen fòmasyon nan jenetik ak konsèki ka ede revize listwa fanmi w, konprann risk ki genyen lè w erite yon mitasyon jenetik ki bay kansè, dekri opsyon w yo ak ede ou deside si tès jenetik bon pou ou.

Koupe glann anba bra yo Retire **glann** anba bra yo.

Land pèforan AEIP oswa plak chè (DIEP flap) Grès, po ak vesò sangen ki soti anba vant lan yo retire chirijikalman pou fè rekonstriksyon tete a, pou kreye yon nouvo tete.

Lenfodèm (Lymphedema) Enflamasyon nan bra aksòz fliyid ki fòme lè yo fin retire glann yo pandan operasyon ou aksòz domaj radyasyon an lakoz.

Mammogram Radyografi tete.

Mastektomi Operasyon pou retire tete.

Medikaman Anestezi yo ba w anvan ak pandan operasyon an pou w pa santi operasyon an. Je w ka klè oubyen w ap dòmi.

Nan Venn (Intravenous) (IV) Medikaman ak likid yo bay dirèkteman nan venn yo.

Nitrisyonis Yon pwofesyonèl sante ki gen fòmasyon an nitrisyon ki ka ofri èd sou chwa manje ou manje pandan trètman kansè.

Òmonn Se Sibstans plizyè glann pwodui nan kò a ki afekte fonksyonman ògàn ak tisi nan kò a.

Onkològ Chirijikal Yon doktè ki espesyalize nan pèfòme operasyon pou trete kansè, tankou retire yon boul (**timerektomi (lumpectomy)**) oubyen tete w (**mastektomi**).

Onkològ Medikal Yon doktè ki espesyalize pou dyagnostike ak trete kansè kansè ak kimoterapi ak lòt medikaman.

Onkològ radyasyon Yon doktè ki itilize **terapi radyasyon** pou trete kansè.

Plak (flap) Latissimus dorsi Misk latissimus dorsi a lokalize nan do, dirèktman anba zepòl la ak dèyè zèsèl la. Yon plak po ki oval, grès, mis, and vesò sangen nan pati sa yo itilize pou rekonstwi tete.

Plak PAP (profunda artery perforator) Yon seksyon nan po a ak grès, ak vesò sangen yo tou nan do janm nan yo konn itilize l pou rekonstwi tete.

Plak SGAP (superior gluteal artery perforator) Yon seksyon nan po a, grès ak vesò sangen nan pati sou koup dèyè a/senti (sa yo rele "love handles") pou ka rekonstwi tete a.

Plak SIEA (superficial inferior epigastric artery) Grès, po, and vesò sangen yo koupe nan basen anba ti vant epi yo mete nan lestimak la pou rekonstwi tete a.

Plak TRAM (transverse rectus abdominis muscle) Yon misk anba vant, ansanm ak po ak grès yo deplase chirijikalman nan mete nan kote **mastektomi** an te fèt ak ki fèt anfòm yon tete.

Plak TUG (transverse upper gracilis) Yon plak po, grès, misk, vesò sangen nan janm nan yo itilize pou rekonstwi tete a.

Projestewòn Yon òmonn femèl ovè, plasennta ak glann adrenal yo pwodui.

Pwostetik Li ka yon fòm tete ou ka mete nan yon soutyen aprè yon **mastektomi** oubyen se non teknik yon fòm tete yo plase anba po a lè y ap fè rekonstriksyon tete.

Radyasyon Se enèji ou jwenn nan vag oswa nan kouran patikil. Yo ka itilize plizyè fòm radyasyon nan yon dozaj ki ba pou dyagnostike kansè ak nan yon dozaj ki wo pou trete kansè tete.

Radyològ Yon doktè ki li **mamogram** ak fè lòt tès, tankou Radyografi (X-rays) oswa ultrasoun (ultrasound).

Reseptè òmonn yo di kò a Pou l "aktive" developman selil tete yo, ni devopman nòmal ni anòmal.

Salin Dlo sale yo itilize pou plen kèk enplant pou tete.

Silikòn Yon jèl likid yo itilize kòm yon materyèl pa anlè enplant lan ak pou plen anndan kèk enplant tete.

Sivivan kansè Nenpòt moun yo dyagnostike ki gen kansè, soti depi tan dyagnostik la te fèt la pou tout rès lavi li.

Terapi konsèvè tete Se yon trètman pou kansè tete ki nan faz preliminè jeneralman (*timorektomi*), aprè sa jwenn **terapi radyasyon**.

Terapi neyoadjivan Trètman pou diminye kansè a anvan operasyon.

Terapi Òmonal Se yon trètman pou kansè tete yo itilize pou pou bloke òmonn fanm (*estwojèn ak projestewòn*). Òmonn sa yo pwomote devlopman kèk tip timè **kansè tete**.

Terapi radyasyon Trèman ki itilize *radyasyon* pou touye selil kansè.

Terapi Sible Terapi sible pou kansè itilize medikaman oubyen lòt sibstans pou tagèt espesyalman chaniman nan selil ki lakoz kansè.

Tès jenetik Tès yo fè kote yo itilize echantiyon san ou saliv pou verifye si gen chanjman nan yon jèn (mitayson ou anòmalite), tankou BRCA1 ak BRCA2. Fanm ki gen mitasyon sa nòmalman gen yon nivo risk ki pi wo pase nivo mwayèn nan pou yo devlope kansè tete.

Tès jenomik Tès yo fè sou yon echantyon timè a pou ede fè prediksyon si kansè tete a ap retounen ankò (re-aparisyon). Kèk egzanz jenomik tès se tès MammaPrint ak tès Oncotype DX.

Ti glann Glann ki pwodui lèt nan tete.

Timè Yon chè ki devlope twòp. Timè ka swa pa modere/pa grav (pa gen kansè) oubyen grav/sevè (kansè)

Timorektomi Lè w retire kansè nan tete nan operasyon, yon ti kantite chè nòmal ki antoure kansè a, ak **Glann vo.**

Travayè sosyal Yon pwofesyonèl ki ka pale ak ou sou bezwen eomsyonèl ou fizik ou yo.

Trètman Terapi Adjivan Yo bay li aprè operasyon pou detwi nenpòt selil kansè ki rete ak anpeche kansè a retounen nan tete a, oubyen pou trete kansè ki pwopaje nan lòt pati nan kò a.

13 Nòt

